## РÆУЗУНД ЗАГЪД ХАТТÆЙ-ХАТТ ÆГÆР АРФ ДÆР МА НИФФЕДАР УЙ ЦАРДÆВÆРДИ!..



*Джованни БОККАЧЧО (1313-1375), италиаг финсæг: «Ес уæхæн адæймæгутæ, æз иннетæй зундгиндæр дæн, зæгъгæ, ка æнгъæлуй. Зонгæ ба минкъий фæккæнунцæ, уомæ гæсгæ син адæм унаффи номбæл ести ку фæззæгъунцæ, уæд сæ нихмæ 'рлæуунцæ, гъома, нæхе зундæн никкæнæнтæ ку нæййес, уæд нин куд амонетæ, зæгъгæ. Æма уæхæн æсхъæл адæймæгути азарæй берæ бæлæхтæ æрцудæй...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№12 (932) 2024 анзи 6 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## АХСГИАГ МАДЗАЛ



### НÆ БОН ÆЙ НÆ ЦАРДАРÆЗТ РАЙДЗАСТДÆР КÆНУН!..

Уæрæсей Федераций Хецауади архайди нуриуæнгæ ци бантæстæй æма идарддæр ци исаразунбæл дзубанди цæудзæнæй, уой туххæй æ Сæрдар Михаил Мишустин æрæги радзурдта Паддзахадон Думи æмбурди. Æ радзубандий депутаттæн бундоронæй фегъосун кодта нæ бæсти цæрæг дзилли фæрнугадæ, сувæллонгин бийнонтæн агъаз, экономикæ æма регионти райрæзт, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади модернизаци æма æндæр, паддзахадæн дæр æма адæмæн дæр ахсгиаг ка 'й, еци цадгъонгæнæг фарстатæбæл косгæй, ци æнхæстгонд æрцудæй, уони туххæй.

Дзубанди цæбæл цудæй, еци хабæртти туххæй æнæгъæнæй радзорунæн фадуат нин нæййес, æма уомæ гæсгæ ба си уæддæр кæцидæрти кой ракæндзинан.

Æ радзубандий Михаил Мишустин куд фегъосун кодта, уотемæй пенситæ, феддонтæ, пособитæ индексацигонд æрцудæнцæ. Уогæ уой кой ба не 'скодта, æма пенсиесгутæй ма косгæ ка кæнуй, уони пенсион феддонтæ индексаци цæмæннæ нæ кæнунцæ, æма еци æнæрастдзийнадæ еуварсгонд кæд æрцæудзæнæй. Æхца нæййес?

2

## ИМИСÆН НÆ ЦИТГИН АДÆЙМÆГУТИ РОХС НÆМТТÆ



Номдзуд уруссаг философ Иван Ильин кæддæр уотæ финста: «Дæ адæми æцæгæй ку уарзай, уæд ин гъæуама цæстæмæмиутæ ма кæнай, æ аййеппитæ ин ма римæхсай, фал сæбæл гъæуама рæстзæрдæй, æхсаргинæй дзорай...» Уæхæн гъуддаг кæнунгъон ба æй, æхуæдæг уодæй æма цардигъдауæй федар ка 'й, уæхæн адæймаг, æма уæхæн адæймагæй нæ дзиллæ абони дæр ма имисунцæ **Хачирти Хъансауи фурт Анзори**, философон наукити доктори, Цæгат æма Хонсар Иристони науки æскъуæлхт архайæг, Уæрæсей зонадон наукити академий иуонг-уацхæссæги рохс ном. Абони 'й мах уомæ гæсгæ имисæн, æма 1 апърели æ райгурдбæл исæнхæст æй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1929-2006). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

## С ПРАЗДНИКОМ!..



### Хаджимурат ГАЦАЛОВ: «МОЛИМ ВСЕВЫШНЕГО АЛЛАХА О СПОКОЙСТВИИ И БЛАГОДЕНСТВИИ В НАШЕЙ РЕСПУБЛИКЕ»

От имени Совета Духовного управления мусульман Северной Осетии и от себя лично сердечно поздравляю жителей республики с окончанием священного месяца Рамадан и светлым праздником Ураза-байрам!

Этот благословенный месяц утверждает в наших душах веру и единство, пробуждает чувства милосердия и сострадания. Призывает к духовному единению.

Пост побуждает к созиданию, к доброте, к осмыслению своих поступков и намерений, позволяет избрать для себя праведный путь. Эти ценности равно близки и понятны людям всех традиционных религиозных конфессий и исторически служат основой мира и согласия.

Мусульмане нашей республики вносят большой вклад в развитие межконфессионального и межэтнического сотрудничества, активно занимаются духовным просвещением и утверждением общечеловеческих ценностей и идеалов, играют важную роль в духовно-нравственном воспитании молодежи. Плодотворная, многогранная деятельность получает поддержку в обществе, способствует сохранению гражданского мира и согласия в республике.

Уверен, что и впредь мы будем содействовать укреплению единства и взаимопонимания в осетинском обществе.

Желаю вам в эти дни, дорогие друзья, здоровья, добра и мира. Пусть праздник Ураза-байрам принесет в каждый дом хорошее настроение, тепло и благополучие!

Молим Всевышнего Аллаха о спокойствии и благоденствии в нашей республике.

*Хаджимурат ГАЦАЛОВ,*
*муфтий Республики*
*Северная Осетия-Алания*

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

**ГАЗЕТ 2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***Джалаладдин РУМИ, рагон персайнаг поэт: «А дуйне емидзаг æй хори æма мæйи тунтæй, е ба (гъома, адæймаг) æ сæр цъайии нитътъунста æма фæрсуй: «Уотæ ку зæгъунцæ, рохс, дан, ес. Кæд е æцæг æй, уæд кæми ’й рохс?..»***

ХЪÆБÆРÆЙ-ХЪÆБÆРДÆР – ÆНДОН, ÆНДОНÆЙ ХЪÆБÆРДÆР – БÆГЪАТÆРИ ÆХСАРÆ!..

# НÆ ÆДЗАРД БÆГЪАТÆРТÆ НИН ÆНОСТÆМÆ НАМУСГИН УОДЗÆНÆНЦÆ...



***Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло Лæгдзийнади ордентæ равардта, батальон «Алани»-й бархеуонтæй сæрмагонд æфсæддон операций ка фæммард æй, уони бийнонтæн.***

Сергей Меняйло ка фæммард æй, еци тугъдонти бийнонтæн тæфирфæс ракодта æма загъта, бархеуонтæ тугъдонти хецæн фæлтæр ке ’нцæ, уомæн æма тугъди будури рандæнцæ бархеуонтæй, сæхецæн ихæсбæл банимадтонцæ идардæй кæсун нæ, фал, сæ бон цæмæй æй, уомæй Райгурæн бæстæн зин сахатти фæййагъаз кæнун.

– Гъигæзæрдæй уин тæфирфæс кæнун. Сумах æцæг лæгти, бæгъатæр тугъдонти исгъомбæл кодтайтæ, етæ нæ бæсти зин сахатти æнцад бадун сæ сæрмæ не ’рхастонцæ, фал фæттагъд кодтонцæ Райгурæн бæстæн фæййагъаз кæнунмæ, бархеуонтæй рандæнцæ тугъди будурмæ. Сæ цард нивондæн æрхастонцæ нæ паддзахади сæребарæдзийнадæ æма хуæдбарæдзийнадæн. Кади хæццæ исæнхæст кодтонцæ сæ тугъдон ихæс. Сумах си гъæуама сæрустур уайтæ. Мах ба еугур мадзæлттæй дæр араздзинан, цæмæй син сæ нæмттæ исæносон кæнæн. Уомæн æма еци æхсаргин лæхъуæнтæ æцæг хъайтартæ ’нцæ, – загъта Сергей Меняйло.

Республики Сæргълæууæг Цæгат Иристони фæллойнæ æма социалон гъæуайкæнуйнади министр **Айдарти Алинæн** байхæс кодта, цæмæй уæлдай цæстдард уа, сæрмагонд æфсæддон операцимæ барвæндонæй ка рандæй, уони бийнонтæмæ.

Уæрæсей Федераций Президент **Владимир Путини** Указмæ гæсгæ, сæ лæгдзийнадæ æма æхсарæ равдесгæй, сæхебæл нæ ауæрдгæй, знаги хæццæ ке тухтонцæ, уой фæдбæл Лæгдзийнади ордентæ сæ мæлæти фæсте лæвæрд æрцудæнцæ батальон «Алани»-й бархеуонтæ **Багати Æхсарбеги фурт Ацæмæзæн, Хъарадзаути Хъазбеги фурт Георгийæн, Цхурбати Владимири фурт Ролландæн.**

КОСУН КЕ ФÆНДУЙ, УОЙ НЕКÆЦИ РÆУАГИТÆ БАХЪОР КÆНДЗÆНÆНЦÆ!..

# НÆ БОН ÆЙ НÆ ЦАРДАРÆЗТ РАЙДЗАСТДÆР КÆНУН!..



Æгæрдæр ма ес æма уидæ, хецаудзийнади алли къабæзти бадæг давгутæ сæбæл ку нæ хæлæф кæниуонцæ, уæд.

Хецауади Сæрдар ракодта уой кой дæр, æма инфляций ирæзти хæццæ фæббæрзонддæр æй мизди тæккæ минкъийдæр бæрцæ. Миллион адæймæгути мизд баст æй еци бæрæггæнæни хæццæ. Хецауадæ еудадзуг æ цæстæ даруй, бюджетон кусти мизд куд фист цæуй, уомæ: скъолатæ æма уæлдæр ахурадон уагæдæнтти ахургæнгутæ, дохтиртæ æма иннæ медицинон персонал, культурон æма социалон къабазæ æма науки косгутæн, – загъта Михаил Мишустин.

Премьер-министр фæббæлвурд кодта куст дæттуни бæрæггæнæнтæ. Архайд цæуй кустдæттæн служби реформæ æма син уомæн уæлæнхасæн фæрæзнитæ раттуни фарстабæл.

Хецауадæ идарддæр парахат кæнуй мадтæлдзийнадæ, сабийдзийнадæ æма æнгъæлдзау силгоймæгтæн агъази системæ. Уой фæдбæл Михаил Мишустин фегъосун кодта:

– Фарæ исаразтан еугонд феддон, æма нисангонд æрцудæй 11 миллион сабийемæй фулдæрæн, уæдта 400 мин федæни мадтæлтæн. Ниййергутæн федунцæ аллимæйон феддон, уой дæр, цæйбæрцæ адтæй, уомæн е ’мбеси бæрцæ фæффулдæр æй. Максималон æгъдауæй исирæзтæй æнгъæлдзау силгоймæгтæ æма кæмæн райгурдæй, уони феддон дæр – 565 мин соми. Мадтæлти капитали программæ идарддæр косуй.

Министрти кабинети разамонæг ахуради къабази фарстабæл дзоргæй, лæмбунæг æрлæудтæй скъолати бундорон райарæзтбæл, Рохсади министради хæццæ, уой фæдбæл арæзт программи фæлгæти нæуæггонд æрцудæнцæ 4 мин скъолай азгъунсти. 2024 анзи сентябрæй фæстæмæ алли мæйæ уæлæнхасæн фæндзгай минтæ есдзæнæнцæ скъолати æма колледжти директорти унаффæгæнгутæ гъомбæладон фарстати фæдбæл. Нуртæккæ уæхæн уæлæнхасæн феддонтæ есунцæ къласти разамонгутæ, дувæрæй ба – 100 мин адæймагемæй минкъийдæр цæргутæ кæми ес, уæхæн сахартæ æма гъæути.

Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади модернизаций фиццаг къæпхæни программи фæрци регионти 3,5 мин объекти бундоронæй райаразун бантæстæй.

– Балхæдтан 147 мин еуæги медицинон ефтонггæрзтæ. Фондз минемæ хæстæг – тагъд медицинон агъази сæрмагонд хуæдтолгитæ, æртæ хатти фулдæр ба – дохтиртæ æма фельдшертæ ласæн хуæдтолгитæ, – загъта Михаил Мишустин.

Æхсæнадон бунæттæ æма берæуæладзугон хæдзæртти тургъти дæр агъазиау æййивддзийнæдтæ ’рцудæй – нæуæг аййев хузæ райстонцæ 65 мин фæзуати. Æнæмæнгæ райаразуйнаг ци рауæнтæ ’нцæ, е идарддæр бæлвурдгонд цæуй еугурадæмон гъæлæскæнуйнади бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ.

Премьер-министр куд загъта, уотемæй «Газпром-Межрегионгаз» еумæ кæбæл архайунцæ, социалон уæлæнхасæн газификаций еци программи фæлгæти фарæ фæлвари анзи хæццæ рабаргæй, 40 процентæй фулдæр хæдзæрттæмæ лæвæрд æрцудæй æрвхуз артаг.

Аци хабармæ гæсгæ зæгъун гъæуй уой, æма уæхæн куст идарддæр цæуй Цæгат Иристони дæр. Æрæги ба нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн** адтæй косæг фембæлд «Газпром межрегионгаз»-и æрдзон фæрæзнæ дех æма уæйæ кæнуни фарстабæл бæрнон, генералон директори хуæдæййевæг **Юрий Похомовскийи** хæццæ. Фембæлди архайдта «Газпром межрегионгаз Владикавказ»-и генералон директор **Хъодзати Алан** дæр.

Дзубанди си рацудæй фæлхасгæнгутæ феддонтæ куд федунцæ уобæл, уæдта региони гъардæттæн кустуæтти ихæсти уавæри фæдбæл. Куд фæббæрæг кодтонцæ, уотемæй Цæгат Иристони гъардæттæн кустуæттæн сæ ихæстæ зингæ фæмминкъийдæр æнцæ, нур гъæуама аци сæрдæй фæстæмæ еугур феддонтæ дæр конд цæуонцæ Гъардæттæни еумæйаг оператори бæрни. Уомæ хауй республики ихæстæ ниллæгдæр кæнуни ихæс.

Фембæлди архайгутæ ма æрдзурдтонцæ «Мамисон»-мæ газ бауадзуни фарстабæл. Нуртæккæ косунцæ гази хизтæбæл, уони фæрци айдагъ курорт не ’суодзæнæй æрдзон фæрæзни хецау, фал Алагири райони хуæнхон гъæутæ дæр. Камсхо, Калак, Згъил, Лисри, Тиб, Уæллаг Зæрæмæг æма Дæллаг Зæрæмæги цæргутæмæ дæр кæдæй-уæдæй газ бахъæртдзæнæй.

Дзубандий архайгутæ фæббæрæг кодтонцæ газæн федуни фæткæ фæххуæздæр кæнуни, æрдзон фæрæзнити ирæзтæн региони фадуæттæ исаразуни нисантæ. Уони фæрци раздæри фæлхасгæнгутæн сæ фадуæттæ фæгъгъомусгиндæр уодзæнæнцæ, нæуæг фæлхасгæнгути газмæ байеу кæнунæн дæр уавæртæ фæззиндзæнæй.

* * *

Михаил Мишустин ма æ радзубандий зингæ æргом раздахта, гъæути райрæзтбæл ци куст цæуй, уомæ дæр.

Куд загъта, уотемæй еци гъуддагæн еумæ райсгæй, фарæ æрвист æрцудæй 64 миллиард соми. Уой фæрци идарддæр арæзт цудæнцæ нæдтæ, банивæбæл кодтонцæ æхсæнадон бунæттæ, гъæути цæрæнуатон уавæртæ фæххуæздæр æнцæ.

Хецæнæй Михаил Мишустин æрлæудтæй сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн агъази мадзæлттæбæл, бæлвурддæр – операций гъуддæгутæмæ кæсæг кусти къуари хъæппæрестæмæ уæлдæр ахурадон уагæдæнттæмæ бацæуни; берæсувæллонгин бийнонтæн агъази мадзæлтти; промышленность æма æндагон экономики хъæппæрестæмæ.

Кæронбæттæни премьер-министр федарæй зæрдæ байвардта, Хецауадæ идарддæр дæр ке араздзæнæй еугур мадзæлттæ, цæмæй бæсти алли региони дæр цæргутæ парахаттæй пайда кæнонцæ сæ равгитæ æма гæнæнтæй сæ цардиуагæ зæрдæмæдзæугæдæр кæнунæн. Еци гъуддаг куд æнтæстгиндæрæй рæстмæ кæна, уотæ нæ Фидибæсти гъомусадæ æнæгъæнæйдæр ирæздзæнæй, нæ исонибон уодзæнæй алцæмæй дæр æнхæстдæр.

РАСТ ЗАГЪДÆН Æ ТУХÆ – РÆСТДЗИЙНАДÆ



**Николай ГОГОЛЬ (1809-1852), уруссаг финсæг: «Мадта уотæ: берæ æнзти куст, фæлварæнтæ æма сагъæсти фæсте æз æрцудтæн, мæ сабийбонти дæр цæбæл сагъæс кодтон, уомæ – адæймаги нисан æй косун, уæдта нæ цард æнæгъæнæй дæр куст æй. Æцæг иронх кæнун нæ гъæуй: зæнхон паддзахади дин бунат уой туххæй лæвæрд æрцудæй, цæмæй Æрвон Паддзахи ном еудадзуг дæ зæрдæбæл дарай æма дæ æ закъон иронх ма уа. Уотæ ку косай, уæд ди аразийæй байзайдзæнæнцæ еугурæйдæр: Паддзах дæр, адæм дæр, дæ зæнхæ дæр.**

**Зундгонд æфсæддон архайæг, инæлар-майор Цæрæхати Хъасболати фурт Саламгерийбæл 5 апърели исæнхæст æй фондз æма цуппаринсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!..**

НÆ ЦИТГИН УÆЛАХЕЗИ АГЪАЗИАУДЗИЙНАДÆЙ СÆРУСТУР АН, КАДГИН ÆЙ КÆНÆН!..



# «ТУГЪД НА ’ДТÆЙ ÆНÆ АДÆМ...»

Æрхæстæг кæнуй нæ Фидибæстæн тæккæ зингæдæр бæрæгбæнттæй еу – нæ Цитгин Уæлахези Бон. Аци анз æй бæрæг кæндзинан 79-аг хатт. Æма цæмæй бæрæггонд æрцæуа тæккæ нимаддæр хузи, уой фæдбæл æрæги цудæй дзубанди республикон организацион комитет «Уæлахези»-и æмбурди. Разамунд ин лæвардта Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**.

Нæ номдзуд поэт, Устур Фидибæстон тугъди архайæг Тетцойти Таймораз æ тугъдон æмдзæвгитæй еуеми уотæ ниффинста: «Тугъд н ’адтæй æнæ адæм æ хъонци, нæ уодзæй æнæ они æцæг...»

Нæ разагъди балхон Георгий Жуков æ зундгонд киунугæ «Имисуйнæгтæ æма сагъæстæ»-йи хумæтæги сæрмагондæй нæ баханхæ кодта: «Я посвятил свою книгу советскому солдату. Его кровью и потом добыта победа над сильным врагом. Он умел прямо смотреть в глаза смертельной опасности, проявил высшую воинскую доблесть и героизм. Нет границ величию его подвига во имя Родины. Советский солдат заслужил памятник на века от благодарного человечества...»

Æма æмбурди архайгутæ дæр Уæлахези 79-аг анзей кадæн исаразуйнаг гъуддæгутæн сæ сæйрагдæртæбæл банимадтонцæ тугъди хъазауатонтæбæл зæрдиагæй байауодун, тугъдон мемориалтæ æма бæгъатæртæн циртдзæвæнтæмæ базелун. Профилон ведомствити разамонгутæн ихæсгонд æрцудæй, цæмæй еци гъуддæгутæ арæзт æрцæуонцæ бæрæгбони размæ.

Уæлахези 79-аг анзей кадæн бæрæгбонмæ цæттæ кæнуни гъуддаги хæццæ баст фарстатæбæл дзоргæй, Сергей Меняйло загъта:

– Уæлахези бонмæ ци дзиллон номерæн æма цитгингæнæг мадзæлттæбæл куст цæуй, етæ гъæуама уонцæ лæдæрд æма лæмбунæг уагæбæл æнхæстгонд. Уой хæццæ ба ма, зæрдæбæл дарун гъæуй нуртæкки æхсæнадон-политикон уавæр. Уæлдай бæрнон æргом гъæуама æздæхт æрцæуа бæрæгбони мадзæлтти æдасдзийнади фарстамæ. Нæ республики Уæлахези бон сæрмагонд нисанеуæги бæрæгбон æй. Ахсгиаг æй, цæмæй еци бæрæгбони кадæн мадзæлттæ арæзт æрцæуонцæ, куд Дзæуæгигъæуи, уотæ республики еугур районти дæр, куд хуæздæр гæнæн æма амал ес, уотемæй.

Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Плати Альбинæ** ба æ радзубандий куд фегъосун кодта, уотемæй бæрæгбони программи уодзæнæй дæс æма цуппаринсæй аллихузон номерæн, наукон, информацион, културон-рохсадон æма æндæр зæрдæбæлдарæн мадзали. Æнхæстгонд æрцæудзæнæнцæ «Æнæмæлгæ полк», «Бæгъатæрти цæсгæнттæмæ бакæсæ» æма æндæр уæхæн традицион дзиллон акцитæ дæр.

Сæйраг радзубандигæнæги доклад сæ игъосункæнуйнæгтæй банхæст кодтонцæ министрадтæ æма ведомствити, уæдта æхсæнадон организацити минæвæрттæ. Сæ фæндитæ хаст æрцудæнцæ бæрæгбони мадзæлтти программæмæ. Еугур еци фæндитæ æма гъудитæ нимад æрцæудзæнæнцæ, бæрæгбонмæ цæттæ кæнгæй архайди рæстæг.

Сергей Меняйло ма аци æмбурди уой дæр бафæдзахста, цæмæй 9 Майи республики базартæ сæ куст баурамонцæ.

САГ ДÆР МА ИННÆ САГÆН Æ ЦЪУХИ ЗАЛМИ СИФÆ КУ БАКÆНУЙ!..






# НÆ КАДГИН ВЕТЕРАНТÆН – НÆ ЕУГУРАДÆМОН АГЪАЗ

10 апърелæй 22 июни уæнгæ цæудзæнæй еугуруæрæсеуон хуæрзауодæн акци «Красная гвоздика».

Бæсти 76 региони бархеуонтæ рацæудзæнæнцæ сæ сахарти гъæунгтæмæ æма нисайнæгтæбæл парахат кæндзæнæнцæ реубæлдаргæ нисантæ «Красная гвоздика». Еугур æмбурдгонд æхцатæ бахарз кæндзæнæнцæ Устур Фидибæстон тугъд æма регионалон гæрзефтонг буцæути ветерантæн медицинон агъаз кæнуни гъуддагбæл. Амунд нисантæ уæйæ кæндзæнæнцæ базарадон бунæтти дæр, æма уотемæй алли адæймагæн дæр уодзæнæй акций архайуни фадуат.

Бæгъатæрдзйнадæ æма æхсари æвдесæнбæл нимад сурх деденгутæ Уæлахези бони лæвар кæнунцæ тугъди ветерантæн, уæдта сæ тугъди архайгути циртдзæвæнтæбæл исæвæрунцæ. Сахарти центрон гъæунгтæ æма фæлладуадзæн бунæтти уогæй, амунд нисантæ ка парахат кæндзæнæй, змæлд «Волонтеры Победы»-йи æма федералон программæ «Молоды душой»-и еци активисттæбæл уодзæнæй «Красная гвоздика»-йи æвдесæни хæццæ æма бархеуони организаций логотипи хæццæ сæрмагонд уæледарæс. Уомæй уæлдай, бархеуонтæмæ уодзæнæй нисайнæгтæ æмбурд кæнунæн аййев къоппитæ. Нисайнæгтæ раттæн ес æрмæги æхцайæй, кенæдта – сæрмагонд QR-коди агъазæй барвисти фæрци. 2016 анзæй нуриуæнгæ Уæрæсей ке æнхæст кæнунцæ, еци амунд акций ихæс æй Устур Фидибæстон тугъди æма регионалон гæрзефтонг буцæути ветерантæн медицинон агъаз бакæнуни фæрæзнитæ æрæмбурд кæнун. Фарæ акций архайæг бархеуонтæ рауæйæ кодтонцæ минкъий гъæуагæ 2 миллион реубæлдаргæ нисани æма уотемæй ветерантæн фæййагъаз кæнунæн æрæмбурд кодтонцæ 55 миллион сомемæй фулдæр.

ФЕППАЙУЙНАГ: 2015 анзæй нурмæ Уæрæсей косуй хуæрзауодæн фонд «Память поколений». Амунд рæстæгæй нурмæ фонди иуонгтæ 18 мин ветеранемæй фулдæремæн медицинон ефтонггæрзтæй фæййагъаз кодтонцæ.

***Цæгат Иристони мухур æма дзиллон коммуникацити Комитети пресс-службæ***

ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УАЙДÆ!..



Италиаг разагъди лæг Леонардо да Винчи (1452-1519) айдагъ алæмæти хузæгæнæг нæ адтæй, фал ма куд финсæг, уотæ дæр фескъуæлхтæй. Æ финст æмбесæндтæй еу уæхæн æй:

– Нана! – тухуолæфтгæнгæй фæгъгъæр ласта маймули æма бæрзонд бæласи къалеумæ исгæпп кодта. – Нуртæккæ силæ домбайбæл рамбалдтæн. Ци рæсугъд æй!

Мадтæл маймули къалеутæбæл еуварс рахуæстæй æма æркастæй сирдмæ. Е æнгъæлмæ кастæй æ амæттагмæ.

– Е домбай нæй, фал фæранк æй, – балæдæрун ин кодта мадтæл маймули. – Е ’ндаг бакастмæ ин дзæбæхдæр æркæсæ.

– Уæхæн дессаги рæсугъд ма уа! Кæсæ æма имæ кæсæ! – фæгъгъæр бабæй ласта бæдолæ маймули. – Цума ибæл сау деденгутæ ’рзадæй.

– Фæранк зонуй, дессаги иуонггин ке æй, уой æма æ федауци фæрци æхемæ сайуй иннæ цæрæгойти, – дзурдта идарддæр мадтæл маймули. – Ка ’й нæ зонуй, етæ, æ рæсугъд бакастбæл дес кæнгæй, æ фæдбæл цæун райдайунцæ æма уотемæй тогцъухи дзæмбути бахаунцæ. Федауцæ дæр хаттæй-хатт фудракæндтæн агъаз фæууй.

* * *

*Уотæ уæмæ нæ кæсуй, цума уæрæсейаг æхсæнади зингæдæр хайбæл еци бæдолæ маймулий сайд æрцудæй? Куддæр нæмæ хуæрзæгъдаудзийнади домæнтæ фæллæмæгъдæр æнцæ, уотæ нæмæ фæсарæнтæй, фулдæр ба Нигулæн паддзахæдтæй ниххæррæт кодтонцæ, се ’ндаг бакасти хуæрзуиндæ ка ’й, медесæй ба гириззаг, уæхæн «хæзнатæ». Кæцæй нæмæ æрбафтудæнцæ, уоми син илгъаг æнцæ æма сæ сæ сæрмæ нæ хæссунцæ, махмæ ба æгæрон цитгийнаг иссæнцæ.*



**Лион ФЕЙХТВАНГЕР (1884-1958), немуцаг финсæг: «Дор гъосинбæл ку ’рхауй, уæд додой гъосинæн. Гъосин æхуæдæг дорбæл ку ’рхауа – додой гъосинæн. Алкæддæр, алкæддæр додой гъосинæн...»**

* * *

Махмæ дæр хумæтæг хъиамæтгун лæг еудадзугдæр гъе уотæ гъосини уавæри æй. Бæсти ести æйййивддзийнæдтæ ’рцæуа – æма уони бæлахæн. Сæхуæдтæ ести хузи сæхе сæрбæл исдзоронцæ – æма бабæй сæхе фудирайæн. Неци син рæстмæ кæнуй.



**Ален (1868-1951), французаг литературон критик Эмиль Огюст ШАРТЬЕЙ фæсномуг: «Цæсгонгин адæми æхсæнадæ исаразæ æма уайтæккæдæр æ иуонгтæ рауодзæнæнцæ еугур давгутæ дæр...»**

* * *

Хецаудзийнади æма аллихузон æхсæнадон бæрзонд бунæтти бадгутæ бæргæ рæсугъд дзубандитæ фæккæнунцæ, цæйбæрцæбæл уодуæлдайæй архайунцæ нæ бæсти медæгæ хуæрзæгъдаудзийнадæ æрфедар кæнуни сæрбæлтау, фал... Ахидæйахиддæр райгъусуй, еци «паддзахадон лæгтæй» бабæй кадæр паддзахадон къазнайæй цæйбæрцæдæр миллионтæ -миллиардтæ радавта, уой туххæй койтæ... Еци давгути бæрцæ ба уоййасæбæл исберæ ’й, æма рæхги, æвæдзи, хе ’хсæнадæ дæр исараздзæнæнцæ, нæ паддзахадон гъуддæгути унаффæгæнæг дæр исуодзæнæнцæ. Е дин – еугур æхсæнадтæй дæр æхсæнадæдæр...



**Хайрам ДЖОНСОН, америкаг сенатор: «Тугъдæн æ фиццаг амæттаг исуй Рæстдзийнадæ...»**

* * *

Æма уой е ’мбæстон политиктæн цæмæннæ балæдæрун кæнуй? Бафæрсун сæ æнгъезуй, нуртæккæ Украини разамунди цæмæн ахъелунцæ, æхцатæ æма æндæр фæрæзнитæй сæ цæмæн ефтонг кæнунцæ. Сæ еци миути амæттаг цæмæн иссæй Рæстдзийнадæ, цагъди цæмæн кæнунцæ мæгурдæйраг хумæтæг адæм...

*Рагон китайаг æмбесæндтæй еуеми куд загъд ес, уотемæй Айгун-æлдар ахургæнæг Куни бафарста: «Адæм дæ коммæ цæмæй кæсонцæ, уой туххæй ци кæнун гъæуй?..» Е ин загъта: «Раст лæгти зулун лæгтæй уæлдæр æвæрæ, æма адæм дæ коммæ кæсдзæнæнцæ. Зулунти рæститæй уæлдæр ку æвæрай, уæд адæм дæ коммæ нæ кæсдзæнæнцæ...»*



# РÆСТÆГÆЙ РАСТДÆР ТÆРХОНГÆНÆГ НÆЙЙЕС...

Мартъий мæйæ кæд æма райевгъудæй, уæддæр ма ни берæ рæстæгути нæ феронх уодзæнæй, ци цаутæ æма хабæрттæ си æрцудæй, уонæмæ гæсгæ. Куд уалдзæги райдайæн, куд æрдзæ райдзастгæнæг æма нæуæггæнæг, уотæ ибæл нæ зæрдæ дардтан цийнæдзийнæдтæй...

Æма уотæ дæр бæргæ гъæуама адтайдæ. Аци мæйи рацудæнцæ нæ бæсти Президенти æвзурститæ. Æма етæ æнтæстгинæй ке рацудæнцæ, уомæй æнæгъæнæ дуйнейæн дæр нæ адæм бавдистонцæ, Фидибæсти сæрбæлтау архайунмæ цæйбæрцæбæл нифсхаст æма æмвæндæ 'нцæ æма уой фæрци ба Уæрæсе алкæддæр тухгин ке адтæй æма алкæддæр тухгин ке уодзæнæй, уой.

Нæ адæми еци разæнгарддзийнадæ кæмæндæрти, еудадзуг нæ нихмæ фудмиутæ аразгутæн мастгæнæг фестадæй. Сæ фурмæстæй ма ци ракодтайуонцæ, æма сæ ардудæй азуймаг террористтæ исаразтонцæ æверхъаудзийнадæ Мæскуй «Крокус Сити Холл»-и, бастъалдæнцæ си сæдæгай æвуд адæймæгутæ – ка си фæммард æй, ка ба си уæззау цæфтæ фæцæй...

Еци фудракæндæ ка исаразта, уонæн сæ сау бæлдæ адтæй нæ адæми нифс басæттун, уæхæн таси нæ бафтаун, цæмæй нæ размæцуди агъазиау гъуддæгутæ аразунгъон мабал уæн... Фал сæ еци фæндитæй фæффудевгед æнцæ... Нæ адæммæ алкæддæр разиннуй хъаурæ æма раuon-циуондзийнадæ цийфæнди тухæвзарæнти дæр хъаурæгин унæн æма син ниффæразунæн, исонибонмæ уодфедарæй цæунæн... Уой фæдбæл нæ газети мухур кодтан æма ма кæндзинан гъæугæ æрмæгутæ, абони ба нæ фæндуй æримисун, мартъи Уæрæсей историй цæмæй фæббæрæг æй, уой туххæй хецæн цаутæ.

Исистан сæ дзиллон хабархæссæг аллихузон фæрæзнитæй. Зæгъæн, газет «Советская Россия» кæддæр куд финста, уотемæй 1878 анзи мартъий сахар Константинополмæ хæстæг рауæн Сан-Стефаний Уæрæсей императори æрвист лæг Игнатьев исфедар кодта сабурдзийнади уæрæсейаг-турккаг бадзурд. Гъе уомæй фæцæй 1877-1878 æнзти тугъд, кæци Уæрæсейæн рауадæй уæлахезон. Уой фæрци е байста Османаг империй европаг хай, зæгъун æнгъезуй, æнæгъæнæйдæр. Мадта Константинопол ба ахæст не 'рцудæй уой фудæй, æма, куд уой размæ дæр, уотæ бабæй уæди гъуддæгути дæр нигулæйнаг паддзахæдтæ сæхе ке ратъунстайуонцæ. Великобритани æма Франци Уæрæсей гъомусади уоййасæбæл тухгин райрæзтæй хъæбæр тарстæнцæ, уидтонцæ си æвзедæн сæхе гъавæнтæ æма бæлдитæн. Гъе уомæ гæсгæ ба уоми донкъобалитæмæ æвæстеуатæй фервистонцæ сæ флоттæ – сæ хъаурæ бавдесунæн æма, æвæдзи, тæрсунгæнæнæн. Турки хæццæ еци Сан-Стефайнаг бадзурдæй ба Уæрæсей гъавта е 'нтæстдзийнæдтæ исфедар кæнун, æма Турк ба уобæл барæ-æнæбари дæр исарази æй.

Сан-Стефайнаг бадзурдæй нимад æрцудæй Сербий, Черногорий æма Румыний хуæдбарадæ, сæ зæнхити фæзуæттæ зингæ фæффулдæр æнцæ. Босни æма Герцоговинæ гъæуама исаразтайуонцæ автономон облæст. Арæзт цудæй Балканти нæуæг автономон славайнаг къниазадæ – Болгари, кæцими гъæуама еугонд æрцудайуонцæ фидтæлтиккон болгайраг зæнхитæ. Болгари рапарахат æй цæугæдон Дунайæй ба Эгейаг денгизи, Сау денгизæй ба Охридтаг цади уæнгæ æма дууæ анзей дæргъи гъæуама адтайдæ уруссаг разамунди дæлбарæ, уой фæсте ба иссайдæ æнæгъæнæйдæр автономон, æма уотид номбæл феддон фистайдæ Турккæн. Уомæ гæсгæ еци бадзурд бафинсуни бон нимайун байдæдтонцæ Болгарий национ бæрæгбонбæл. Бæрæг кæнун байдæдтонцæ болгайраг паддзахади исуæгъдæ уни æма 'й нæуæгæй райарæзти Бон. Аци гъуддаг Уæрæсей фæрци арæзт ке 'рцудæй, е нури Болгарий «сæрбæлдзоргутæй» феронх æй æма сæ ервæзунгæнæгбæл гадзирахаттæй цæун байдæдтонцæ... Баруагæс уи уæд, нуртæккæ дуйней, уæлдайдæр ба Европи ци æнахур хабæрттæ цæуй, уони нимайгæй, тæссаг æй аци бæстæ бабæй уæхæн тухст уавæрти ку бахауа, æма æ «раздзæугутæн» сæ абони æбознæдзийнади миутæ фæсмойнаг ку исуонцæ...

РАСТ ЗАГЪДÆН Æ ТУХÆ – РÆСТДЗИЙНАДÆ



**Михаил САЛТЫКОВ-ЩЕДРИН (1826-1889), финсæг: «Ирисхъи æверхъау азарæй махмæ еудадзуг уотæ рауайуй: ести хуарз гъуди нæмæ ку фæззиннуй, æма 'й царди рауадзунмæ ку фæгъгъавæн, уæд æй кæронмæ рахъæртун кæнун нæ бон нæ бауй. Еци хуарз гъуди бенцъу дæр нæма исуадзуй, уотемæй имæ аллирдигæйти ниххелæ-ниххелæ кæнун байдайунцæ. Ниххелгутæн ба сæ сæйраг нисан фæууй хердæмæ ести æрбанхуæрсун.**

**Лæмбунæгдæр сæмæ 'ркæсæ, æма уайтæккæдæр рахатдзæнæ æнæгъæнæ легиони марггъæстæ нисантæ...»**

* * *

Евгъуд рæстæгути Уæрæсейæн æ цардвæндагмæ цæхгæр æйййивддзийнæдтæ бахæссæги хузи мартъи куд фæббæрæг æй, уой туххæй «Российская газета»-йи алликъуæреуон уæлæнхасæн рауагъд «Неделя» æрæги (13 мартъий) ниммухур кодта журналист Яков Миркини уац. Бæлвурдæй ба си дзубанди цæуй 1881 анзи мартъий цаути туххæй. Куд си финсуй, уотемæй мæйæн æ фиццаг бони æхсæнадæ «Адæмон барвæндæ» («Народная воля») исаразта æверхъаудзийнадæ – æ тугъдонтæ рамардтонцæ Уæрæсей император Александр Дуккаги. Аци паддзахеуæггæнæги туххæй æрæги финстан нæ газети фарæстæймаг номери. Куд си загъд ес, уотемæй Александр Дуккаги айдагъ нæхе бæсти нæ, фал æндæр паддзахæдтæй дæр беретæми цитгинæй нимадтонцæ, уарзонæй æй худтонцæ «Сæребарæгæнæг» æма адæмти уæхæн нимайундзийнадæй фæххайгин унæн ба берæ агъазиау гъуддæгутæй фескъуæлхун гъæуй.

Нæ бæсти анзфинсти ба байзадæй куд император-сæребарæгæнæг.1861 анзи 3 мартъий (зæронд нимадмæ гæсгæ –19 феврали) Александр Дуккаг бафинста сæрмагонд Манифест «О всемилостивейшем даровании крепостным людям прав состояния свободных сельских обывателей», уой хæццæ ба ма зæнхкосгути туххæй Уагæвæрд, кæцими адтæй æвддæс закъондæттæг акти. Зæнхкосгутæн лæвæрд цудæй хе сæребарадæ, сæ бон адтæй сæ есбонадæй сæхе фæндон пайда кæнун.

Уогæ Александр Дуккаги еци хъæппæрес æма æндæр арфиаг гъуддæгути туххæй бæлвурдæй загъд ес, мæнæ уæлдæр цæй кой ракодтан, уоми.

Император Александр Дуккаг ма историй байзадæй еума цитгин номи хæццæ – худтонцæ 'й «Сабурдзийнадæхæссæг». Уой доги Европи еунæг хатт дæр тугъд не 'рцудæй. Зæгъун æнгъезуй, е дæр Европи байергъæв кодта тугъдитæй.

Е 'мдогонтæ куд дзурдтонцæ, уотемæй: «Александр Дуккаг Уæрæсе уæхæн бæрзонд цæстивардмæ исиста æма, æнæ уой унаффæ хинцгæй, нæдæр Европи, нæдæр ба азиаттаг бæстити еунæг устур гъуддаг дæр лухгонд нæ цудæй...»

Аци хабар уой æвдесæг æй, æма Уæрæсе некæд адтæй æндæр бæстити нихмæ тугъдитæ ракъахæг – е нæ, фал исуидæ, тугъди азари бахауæг адæмти ервæзунгæнæг.

Æма Александр Дуккаги хъæппæресæй ци хуарздзийнæдтæ арæзт æрцудæй, уони æ маргутæ нецæмæ æрдардтонцæ æма 'й æгъатирæй бастъалдтонцæ...

Еци æверхъаудзийнадæ арæзт æрцудæй, император паддзахади уæди цардарæзтмæ циуавæрдæр зингæ æййивддзийнæдтæ, бæлвурдæй ба хецауеуæггæнæг уæлдæр къабæзтæн, хуæдхуæцæгади бартæ æгириддæр нæ цубуртæ кæнгæй, бартæ раттун ку багъавта, раст еци рæстæг. Еузагъдæй, райеудагъ æй империй сæргълæугути нихмæ террор.

Мах абони нæ аци æрмæгæй нæхемæ нæ есæн Цитгин Октябри размæ Уæрæсей паддзæхтæн сæхецæн дæр æма сæ арæзт гъуддæгутæн еугæндзон аргъ кæнуни ихæс. Е уотæ æнцонтæй исæнхæстгæнæн гъуддаг нæй, уæлдайдæр ба нури рæстæгути, сауæнгæ дæснийæйдæснидæр историктæ дæр еу гъудимæ ку нæма æрцудæнцæ. Зæгъæн, мæнæ «крепостное право», зæгъгæ, ке хонунцæ, уой Александр Дуккаг ке райййивта, уой ахедундзийнадæ æма фæстеугути туххæй дæр нерæнгæ еухузон гъудимæ нæма æрцудæнцæ: кадæртæ 'й æстаунцæ, кадæртæ ба 'й фаунцæ...

Уомæ гæсгæ ба нæ абони дзубанди аразæн, мæнæ раздæр ке кой искодтан, еци «Неделя»-йи мухургонд уаци амунд хабæрттæмæ гæсгæ. Уоми куд загъд ес, уотемæй 1861 анзи Александр Дуккаги рамаруни фæсте, 10 мартъий фæззиндтæй «Адæмон барвæндон»-и домæн: фудракæнгутæн хецауади 'рдигæй хатир æма паддзахадон æма æхсæнадон царди уæвæг хузтæмæ æркæсунæн, еугур уруссаг адæми номæй минæвæрттæ æрæмбурд кæнун, æма ма æндæр домæнтæ дæр...

Еци хабæртти хуæдразмæ, 8 мартъий æдзард императори фурт, Уæрæсей нæуæг паддзах Александр Æртиккаг (уæд ибæл цудæй æхсæрдæс æма инсæй анзи) Санкт-Петербурги Зуймон галауани исаразта æмбурд. Уоми ка архайдта, еци æртæ æма инсæй адæймаги, хецаудзийнади бæрзондибадæги, гъæуама сæ гъуди загътайуонцæ, хецаудзийнади уæлдæр къабæзти æвзурст минæвайрадæ уа æви нæ, уой туххæй. Дзубанди цæй фæдбæл адтæй? Паддзахадон совети рази сæдæ æвзурст (губернитæй, земствитæй) адæймагемæй арæзт Редакцион къамиси туххæй, кæцимæ адтайдæ гъæлæс кæнуни фæрци Уæрæсей империй закъонтæ цæттæ кæнуни архайуни барæ. Уомæн æма етæ, дан, хуарз зонунцæ цард æма закъонтæ багъæуай кæндзæнæнцæ æдулидзийнæдтæй.

Æндæр неци! Хуцау ма зæгъæд æма æвзарæн къамиси иуонгтæн фулдæр æвзарæн бартæ лæвæрд æрцæуа.

Паддзахи бартæ гъæуама æгириддæр гъигæдард æма дæлдæргонд æрцæуонцæ.

Уæд еци æмбурди дзубанди куд цудæй, уомæн æвдесæнæн байзадæй Паддзахадон секретарь Е. Перетини бонуг. Æрхæсдзинан си, уоми ка радзурдта, уони зæгъдтитæй кæцидæрти.

Цитгин къниаз Константин Николайи фурт, 53-анздзуд, 1860 æнзти пайдайаг реформити сæйрагдæр амидингæнгутæй еу:

– Пайдайаг гъуддагбæл нимайун, паддзах æма адæми 'хсæн бастдзийнадæ æнгондæр куд уа, еци гъуддаг. Уой фæрци уруссаг монархникки хуæздæр зондзæнæй, разамунд ци паддзахадæн дæттуй, уой æцæг гъæугæдзийнæдтæ, уæдта къæбинетти бадæг адæймæгутæ ци закъонадон хъæппæрестæ бавдесунцæ, уони гъæуагæдзийнæдтæ. Еци цæг циуавæр уа, е ба нерæнгæ ма æрдзубанди кæнуйнаг æй.

Цубурдзурдæй: гъуди кæнун гъæуй, еци архайд ци хузи æма куд банхæстдæр кæнун гъæуй, уобæл.

***Уодзæнæй ма.***



*Ураза-байрам – это подведение итогов ушедшего месяца, когда для каждого мусульманина предоставлялась хорошая возможность усовершенствовать свою душу и усмирить страсти посредством соблюдения поста, большего стремления к благочестию, оказания благотворительной помощи нуждающимся, а также приобрести полезные человеку знания.*



# И ПУСТЬ В ДОМАХ И СЕРДЦАХ ВАШИХ







# ВОЦАРЯТСЯ БЛАГОСТЬ И СЧАСТЬЕ!..

Ежегодно во время священного месяца Рамадан мусульмане соблюдают строгий пост. Он завершается Ураза-байрамом, который также называют праздником разговения: в этот день прекращают действовать запреты, которых мусульмане придерживались во время Рамадана. И сегодня, в канун Ураза-байрама, данной статьей, подготовленной на основе материалов, предоставленных Духовным управлением мусульман нашей республики, хотим ознакомить наших читателей с историей зарождения этого торжества, с его содержанием и традициями.

Ураза-байрам связан с лунным календарем. Потому и дата его проведения каждый год сдвигается. В нынешнем году Ураза-байрам отмечается в конце первой декады апреля. При этом следует подчеркнуть, что начинается накануне с вечера, когда в небе появляется новая луна.

По исламскому календарю Ураза-байрам отмечают в первые три дня месяца Шавваль, который начинается сразу после Рамадана. Самым главным днем благословенного праздника считается 1 Шавваля 1445 года.

## ЧТО ТАКОЕ РАМАДАН?

Рамадан – это девятый месяц в мусульманском календаре, который является священным. Именно в это время пророк Мухаммад получил первые откровения. На протяжении всего месяца мусульмане соблюдают пост.

Согласно Корану, «поститься следует считанное количество дней»: верующие воздерживаются от еды и питья в светлое время суток на протяжении месяца. Они завтракают до рассвета, а ужинают после захода Солнца. Если человек по какой-то причине не может поститься в Рамадан (например, находится в пути или болеет), то он может возместить пропущенные дни поста позднее. Для мусульман пост настолько важен, что его намеренное нарушение считается грехом. Первый раз Ураза-байрам отметили в 624 году – тогда пророк Мухаммад впервые объявил день разговения.

## ИСТОРИЯ И СУТЬ УРАЗА-БАЙРАМА

Ураза-байрам – один из самых важных религиозных праздников в исламе. Он уступает по значимости только Курбан-байраму, празднику жертвоприношения, который отмечают через семьдесят дней после Ураза-байрама – на десятый день месяца Зульхиджа.

Ураза-байрам знаменует окончание обязательного поста в месяц Рамадан. Суть торжества понятна из его названия. На арабском языке Ураза-байрам называется Ид-аль-Фитр, что буквально означает «праздник прекращения поста». А тюркское название Ураза-байрам пошло от персидского слова «руза», которое означает пост, а также от турецкого слова «байрам», которое переводится как праздник.

Мусульмане считают пост символом возрождения: в это время человек очищается от несовершенных им грехов – это стимул, чтобы в будущем он совершал исключительно угодные Аллаху поступки.

## ПОДГОТОВКА К УРАЗА-БАЙРАМУ

**Уборка.** Мусульмане начинают готовиться к празднику разговения заранее. За несколько дней до торжества они тщательно убирают дом и двор.

**Готовка.** Накануне готовят праздничные блюда. Специального меню для праздника нет, поэтому чаще всего на столы подают национальные блюда. В честь окончания поста, который они держали весь месяц, мусульмане наслаждаются разнообразной едой и напитками. Исключение составляют запрещенные исламом продукты.

Кроме того, на стол подают сладости. Ими принято угощать детей, которые в этот день приходят в гости.

**Наряды.** Также к празднику подбирают новую – или старую, но чистую – одежду. Она должна быть нарядно опрятной.

**Милостыня.** До наступления Ураза-байрама мусульмане должны выплатить нуждающимся милостыню разговения. Эта традиция называется закят уль-фитр. Размер милостыни заранее установлен Духовным управлением мусульман Северной Осетии. Также милостыню можно подавать разными продуктами первой необходимости.

**Итикаф.** Некоторые верующие совершают перед днем разговения итикаф. Они уединяются в мечети в течение последних десяти дней поста, покидая ее только на время еды и гигиенических процедур. Находясь в мечети, верующий молится, а также читает священные писания – считается, что так мусульмане еще больше укрепляют свою веру.

## ТРАДИЦИИ ПРАЗДНОВАНИЯ УРАЗА-БАЙРАМА

**Молитвы.** Отмечать праздник верующие начинают сразу после праздничного намаза. Считается, что пророк Мухаммад советовал провести ночь на Ураза-байрам за молитвами.

До рассвета мусульмане совершают полное омовение, после чего надевают чистую нарядную одежду. Этот ритуал принято называть «гусль». А утром все совершают уже обязательную праздничную молитву Ид-намаз. Эта коллективная молитва проходит как в мечетях, так и во дворах перед ними и на главных городских площадях. В конце молитвы имам, который ее проводил, обращается к Аллаху и просит у Него милости верующим.

**Гости и подарки.** Мусульмане ходят в гости к родным и друзьям, где все вместе собираются за праздничным столом. При встрече люди говорят друг другу «Ид мубарак», что на арабском языке означает «благословенного праздника».

В этот день принято совершать добрые дела: например, давать милостыню, заниматься благотворительностью и помогать малоимущим. Кроме того, принято дарить друг другу подарки.

Главное, чтобы подарок не оскорблял как религию, так и самого получателя. Отдельное внимание уделяют подаркам для детей. Мусульмане считают, что радость ребенка приближает верующего к Аллаху. Поэтому в один из двух главнейших в исламе праздников детям стремятся доставить максимальную радость.

## БЫТЬ БЛАГОЧЕСТИВЫМ, ТВОРИТЬ ДОБРО!..

И наше сегодняшнее повествование нашим искренним поздравлением с праздником Ураза-байрам. Он полон прекрасных даров. И нашим читателям, какой бы национальности ни были и какую бы веру ни исповедывали, желаем тепла под крышами ваших жилищ. Пусть кров обойдут стороной все печали и тревоги, все беды и ненастья. И пусть воцарятся в нем благость и счастье, благонамеренность и стремление созидать свою судьбу творением добра.

*Саади ШИРАЗИ, рагон персайнаг поэт: «Зундгин лæгæн æнæгъдау адæми ’хсæн æ зæгъуйнаг зæгъун ку нæ бантæса, уæд дес ма кæнетæ: гъесинфæндури цагъд дæр нæ райгъусдзæнæй, барабантæ гæбар-губур ку кæнонцæ, уæд; сурх мæтæги тæф дæр бодæни æсмагæй райсæфуй...» Уæдта ма загъта: «Дæ фидæ ци бунтæ искодта, уони байсунмæ ма тундзæ, фал имæ ци зунд адтæй, уой райсунмæ».*





# Æ ЗÆРДИ ГЪАР УÆЛÆБÆЛ НИУУАГЪТА...



**ÆГЪУЗАРТИ Саукуй**
**(1943-2013),**
**финсæг, публицист**

Уæхæн лæгтæ æстæнмæ игурунцæ. Ку райгурунцæ, уæдта исунцæ, ци адæми ’хсæн фæззиннунцæ, уонæн нaдамонæг стъалу, хиццаг зундæй дæр, æгъдауæй дæр, уиндæй дæр. Хачирти Хъансауи фурт Анзор дæр æ зæнхон царди уони хæццæ адтæй. Рæсугъд – æ уодигъæдæ, рæсугъд – æ гуриконд, рæсугъд – æ гъудитæ, æ рацуд æма бацуд. Еуæрдигæй дæр, иннердигæй дæр имæ бакæсæ, дæлæмæ дæр æма ’й уæлæмæ дæр рабарæ – еугурæй дæр нæртон, нæрæмон лæг!

Цидæр æнахур рохс си калдæй, адæймаги æ бакаст æхемæ æлваста, худта æй æ фæдбæл, æ цъухи дзурд ин æхцæуæндзийнадæ хаста, гъудитæбæл æй æфтудта. Ка ’й зудта, æ цæнхæ æма кæрдзин ке хæццæ дууех кодта, етæ ’й нимадтонцæ зæнхон идауæгбæл, адтæй син раздзæуæг, зундамонæг, кæбæл æуууæндтæнцæ, уæхæн курухон лæг. Лескени гъæуæй ци дзурддзæугæ, ахургонд адæм рацудæй, уонæн адтæй сæ тæккæ номдзуддæр, сæ тæккæ уиндгундæр, сæ тæккæ зундгиндæр. Анзор æ мади губунæй рахаста киунугæбæл æновуд, æ тæлæнтæ хаста сувæллонæй дæр ахурмæ. Гъæуи скъола каст фæцæй æма Кæсæг-Балхъари университетмæ фæлварæнтæ равардта. Æ зонундзийнæдтæ уотæ арф, уотæ берæ адтæнцæ æма ахургæнгути æхемæ æркæсун кодта. Æ лимæн, еу къурси ке хæццæ адтæй, е, Мæрзойти Сергей, журналист æма æхсæнади косæг, абони æримисуй: «Анзорбæл дес кодтон алкæддæр. Сæумæй, цит, библиотекæмæ кæсæн залмæ бацæуидæ æма изæрмæ уоми фæууидæ. Æнæхуæргæй куд бухстæй, е мæмæ дессаг кæсидæ. Еухатт ин гъазгæй уотæ бакодтон: «Хъансауи фурт, дæ ахсæн дæмæ стонгæй неци исдзоруй?» Дзуапп равардта: «Исдзоруй. Уотæ фæззæгъуй, ци тæмæссаг киунугæ кæсис, уой каст фæууо, æз дæмæ бангъæлмæ кæсдзæнæн». Æма ’й цалинмæ библиотеки косæг рарветидæ, цо, нур æнафонæй, зæгъгæ, уæдмæ нæ рандæ уидæ библиотекæй».

Уой фæсте ахургонд ку иссæй, æ ном Иристони ку райгъустæй, æ наукон куститæ, æ публицистон уацти хæццæ ин ку базонгæ æнцæ адæм, философий наукити доктори ном ку райста, профессори номæй имæ дзорун ку райдæдтонцæ, уæддæр уотæ тулавастæй байзадæй, цæмæй фулдæр бакæса, фулдæр базонунбæл æ уод гъардта. Уомæй айдагъ философий ахурадæмæ нæ бæлдтæй, фал æ равналæнтæ дзæвгарæ урухдæр адтæнцæ – Нарти кадæнгитæ, ирон адæми æгъдæуттæ, не ’взаг, нæ культурæ. Алли рауæнмæ дæр е ’вæрæн бахаста, алкæмæ дæр æ дзурд фæхъхъæрдтæй. Фæстагмæ ба литератури кустмæ дæр бавналдта. Мухури фæззиндтæнцæ æ радзурдтæ æма новеллитæ, æ критикон уацтæ царди ахсгиаг фарстатæбæл, æ очерктæ ирон ахургæндтæбæл.

Æ фæсмæрдæ ци киунугæ рацудæй «Быть человеком», зæгъгæ, уоми æ фæсдзурди финсæг, аййевадæртасæг Дзантиати Анатолий уотæ финсуй: «Иристони Хачирти Анзор баст æй устур ахургонд-философи æма зундгонд æхсæнади косæги номи хæццæ. Е бæрæг æй æ киунугутæй нæ историй, культури, ирон цардæвæрди туххæй ке ниффинста, еци фæллæнттæй. Уæлдай хъæбæрдæр Анзор Хъансауи фурт тухсуй маддæлон æвзаги хъисмæтбæл, зæрдристæй дзоруй уой исæфтбæл æма цæмæй ма фесæфа, уомæн ци исаразун гъæуй, еци фарстатæбæл. Уой æной æ литературон фиццаг фæлварæнтæй дæр зæрдæ барохс æй. Æ финст æй фæлтæрдгин финсæгау, бæлвурд, адæймаги психологи бустæги хуарз ка зонуй, уæхæн литературæбæл».

Æцæгæйдæр, Анзори къохдзæф аллирауæн дæр байзадæй, Дигорон театр ку райгурдæй Иристони, уæд ин бунат нæ ирдтонцæ æма Темирати Давид фембалдæй Хачирти Анзори хæццæ, Анзор ба бацудæй гъæуууонхæдзарадон институти ректор Басати Барисмæ, ракурдта, цæмæй Дигорон театрæн институти бунат искæна. Барис байгъуста е ’мкосæгмæ, театр исиуазæг кодта æма æртæ анзей бæрцæ адтæй æ фусун. Дигоргоми Задæлески Нанай ном исбæрзонд кæнуни туххæй æ бæрнæхсти бацудæй Хачирти Анзор. Хуæнхбæсти гъудитæ, цæргути сагъæстæ царди рауагъта нæ номдзуд профессор: Задæлески Нанай бунат иссæй музей, базилдæнцæ имæ, исрæсугъд ин кодтонцæ æ алфамбулай æма имæ алли анз дæр Иристони адæм æ бони æрцæунцæ, фæкковунцæ Хуцаумæ, иссерунцæ, ирон адæм ка фæййервæзун кодта, еци Нанай ном.

Анзор ци адæми ’хсæн цардæй, уоми нимад адтæй æцæг лæгбæл. Агъазмæ имæ æхе ка бахатидæ, уомæн æ уавæр куд амудта, уотæ ’й исаразидæ. Нæ республики президенти агъазгæнæгæй ку куста, уæддæр æ фæрци Иристонæн берæ хуарздзийнæдтæ арæзт æрцудæй.

Анзор не ’хсæнæй ку фæгъгъудæй, уæд адæм арви æрцæфау фæцæнцæ. Уæхæн зундæй идзаг, уæхæн уиндгун лæг фæгъгъудæй Иристони дзиллæй... Фал уæддæр нæ адæми зæрдити байзадæй æ изæди хузæн сорæт, æ зæрди гъар ба ниууагъта уæлæбæл.



Анзор æ хестæр хуæрæ Китай хæццæ.



Анзор æ хестæр æнсувæр Гæлæуи хæццæ.

## НИЙЙЕРГУТИ ФАРНÆ – СÆ ЦÆУÆТÆН НИФСДÆТТÆГ!..

Философон наукити доктор, профессор, Цæгат æма Хонсар Иристони наукити æскъуæлхт архайæг, Уæрæсей зонунадон наукити академий иуонг-уацхæссæг, Хачирти Хъансауи фурт Анзори райгурдбæл 1 апърели исæнхæст æй 95 анзи.

Хачирти Анзор райгурдæй Цæгат Иристони Ирæфи районi Лескени гъæуи 1929 анзи. Астæуккаг скъола каст фæууни фæсте, 1951 анзи æ ахур раизолдæр кодта Кæсæг-Балхъари паддзахадон институти. Уой фæсте, 1956 анзи иссæй Мæскуй Владимир Ленини номбæл педагогон институти аспирантури аспирант. Æнтæстгинæй багъæуай кодта наукити кандидати диссертаци.

Хачирти Хъансауи фурт Анзорæн æ фæллойнадон над райдæдта Хæзнидони гъæуи астæуккаг скъолай ахургæнæгæй косгæй. Уой фæсте ба куста Цæгат Иристони партион скъолай ахургæнæгæй. Фæстæдæр, 1957 анзи Хуæнхон гъæууон-хæдзарадон институти философибæл лекцитæ кастæй студенттæн. 1981 анзи ба Хачири-фурт багъæуай кодта философон наукити доктори ном. 1984 анзи ба ин лæвæрд æрцудæй профессори цитгин ном. Берæ зонундзийнæдтæ æма имæ дессаги организаторон дæснийадæ ке адтæй, уомæ гæсгæ æртæ æма инсæйанздзудæй нисангонд æрцудæй Хуæнхон гъæууон-хæдзаради институти философий кафедри разамонæгæй. 1994 анзи ба иссæй Цæгат Иристони Президенти размæ культури сæрдари хуæдæййевæг.

Хачирти Хъансауи фурт Анзор æй 200 наукон кустей автор. Æ наукон-æртасæн кусти медæгæ тæккæ ахсгиагдæрбæл нимад æй æртæтомон æмбурдгонд «Аланика».

Куд æхсæнадон архайæг, уотæ хъазауатонæй архайдта, Иристони зундгонд историон хъайтар-силгоймаг «Задæлески Нана»-й рагон ковæндонæ исцалцæг кæнуни гъуддаги. Æма ин бантæстæй. Хачири-фурти хъæппæресæй Дигоргоми арæзт æрцудæй «Задæлески Нана»-й номбæл Хæдзарæ-музей.

Хачирти Анзор устур байвæрæн бахаста паддзахадон Дигорон театри фæззиндмæ дæр (1993 анзи). Активонæй архайда театри царди, æригон коллективæн агъаз кодта сæ нæхъæртондзийнæдтæ еуварс кæнуни гъуддаги.



Хачирти Хъансау – Анзори фидæ. Рамардæй 1935 анзи.



Анзори мадæ Гузæ æма æ фурт Авдуллæ (Бали) – фæммард æй Фидибæстон тугъди.

**Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ, 1939 анзи 7 апърели арæзт æрцудæй Цæгат Иристони хузæгæнгути Цæдес. Уой фæдбæл, куд нисангонд цæуй, уотемæй арæзт æрцæудзæнæнцæ цитгингæнæн мадзæлттæ.**


ХАЧИРТИ Анзор æма æ æмархайгути фæрци Задæлески Нанай ном æносонгонд æрцудæй. Задæлески игонгонд æрцудæй сæрмагонд музей.

# МÆ ХУАРЗ ÆМГАРÆ



**САБАЙТИ Сулейман,**
(1930-2014)
профессор, поэт, публицист

Хачирти Анзори хæццæ синхонтæй цардан Лескени гъæуи. Нæ сувæллони бонтæ сæрдигон рæстæг фулдæр æрвистан еумæ. Райдайæн скъолай дæр еумæ райдæдтан ахур кæнун. Анзор ахур кодта хъæбæр хуарз, алли предметбæл дæр иста «фондзтæ», айдагъ математикæбæл райсидæ «цуппар», цæмæдæр гæсгæ имæ е 'рух нæ хадта, куд æ бон адтæй, уотæ. Уой уæлæнхасæн ба ма ин адтæй зæрдæмæдзæугæ дессаги хуарз хъурихатт зарунмæ. Хестæр къласти ахурдзаутæ 'й уайтæккæдæр бафтудтонцæ зартæгæнгути къуарбæл. Ирон æма дигорон зартæ уотæ берæ уарзта, æма ма сауæнгæ гъæуунхæдзарадон академий профессор, кафедри сæргълæууæг уогæй дæр, ахургæнгути зартæгæнгути къуари æновудæй архайæг адтæй æ цæрди кæрони уæнгæ.

Нæ берæ цæмæйдæрти игъæлдзæг цард фехалдæй, 1941 анзи Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд. Гъæуи еугур кустгъон нæлгоймæгтæ дæр тугъдмæ рандæнцæ, уони хæццæ Анзори дууæ æнсувæри Сæлих æма Авдуллæ дæр.

Тугъд уотæ радаргъ уодзæнæй æма немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ Кавкази уæнгæ исхъæртдзæнæнцæ, уой ни неке æнгъæл адтæй. Фал, гъулæггагæн, уотæ рауадæй, æма знагн нин нин нæ райгурæн гъæу байахæста. Фал си берæ нæ фæцæй -еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте Сурх Æфсади тухгин цæфтæй ледзæги ку фæцæй, Иристон си æнæгъæнæйдæр иссæребарæ æй.

Цард нæуæгæй æ кеми цæун кæд байдæдта, уæддæр нæхъæртондзийнæдтæ дæр æгæр берæ адтæнцæ. Зæгъæн, ахурдзау кæстæртæ скъоламæ æрцæуиуонцæ, фал ахуртæ райдайунæн ба равгæ нæ адтæй, немуц скъолай «æрфусун» кæнгæй бустæги зæууатмæ 'й æртардтонцæ. Ахургæнгути курдиадæмæ гæсгæ скъоладзаутæ сæ хæдзæрттæй хастонцæ фæйнæгутæ, рейкъитæ, ставд телти гæппæлтæ зæгæлтæ кæнунмæ, къелатæ. Еузагъдæй, цидæриддæр исбæзтайдæ цалцæг кæнунмæ æма ахуртæ райдайунмæ уæхæн æрмæг.

Сæ агъази хай бахастонцæ гъæусовет æма колхози разамонгутæ дæр. Æма еумæйаг хъауритæй мæйæмæ скъолай райдæдтонцæ ахуртæ. Цийнæ кодтонцæ скъоладзаутæ, сæ ниййергутæ æма ахургæнгутæ дæр. Скъолай директор ахурти райдайæн бони сæумон линейки бакастæй бардзурд, кæцими райарфæ кодта , аци гъуддаги уæлдай ка фескъуæлхтæй, уонæн – дæс æма инсæй ахурдзауемæн, уони нимæдзи адтæй Анзор дæр.

Нæуæгæй райдæдтонцæ сæ куст хуæздæр къуæрттæ. Анзор айдагъ зарунмæ нæ бæлдтæй, фал ма 'й фæндæ адтæй драмон къуари архайун дæр. Хестæркъласонтæ ин æ барæ бакæниуонцæ сувæллæнтти рольтæ пьесити æма сæмæ хуарз арæхстæй. Фарæстæймаг къласмæ ку исхизтæй, уæдта æхуæдæг разамунд дæттун райдæдта зартæгæнгути æма драмон къуæрттæн. Еци рæстæги хестæр къæласти ахурдзаутæ скъоладзаути 'хсæн кусти бартæ еугурæйдæр мах фæлтæри барæ бакодтонцæ, сæхуæдтæ ба цæттæ кодтонцæ рауагъди фæлварæнтæмæ, сæ уæгъдæ рæстæг архайдтонцæ тугъдон гъуддæгутæ базонунбæл ахургæнæг-афицерти разамундæй.

Анзор сауæнгæ фиццаг къласæй ба æстæймæгти уæнгæ алли анз дæр æвзурст цудæй къласи старостæй, хуарз ке арæхстæй, уомæ гæсгæ фарæстæймаг къласи ба æвзурст æрцудæй еугур скъолай ахурдзаути комитети сæрдарæй æма фæскомцæдесон организаций комитети иуонгæй. Уоми дæр æхе равдиста арæхстгинæй. Е 'нгæс дардта æгъдауихалгутæ æма лæмæгъ ахурдзаутæмæ, æрбахонидæ сæ комитети æмбурдтæмæ æма син бауайдзæф кæнидæ.

Анзор адтæй, еугур скъолайæн дæр пайда ка хаста, уæхæн гъуддæгутæ æргъудигæнæг дæр. Зæгъæн, скъолайæн сæрмагонд хецæн зал нæ адтæй, фал пайда кодтонцæ медæгмæ бахезæни ци устур сценæ адтæй, скъолай азгъунстæн е 'ртиккаг хайии бæрцæ ка ахæста, уомæй. Ами адтæй сценæ дæр, фал æй немуцæгтæ басугътонцæ. Еумæйаг æмбурдтæ, равдиститæ исаразун зингомау адтæй æнæ сценæй. Анзор фæндæ бахаста скъолайæн æхе хъауритæй сценæ исаразуни туххæй. Æрмæгæн ба испайда кæнæн ес, скъолайæй æртæ-цуппар километри идарддæр гъæди ци нæуæг бæлæстæ иразуй, уонæй, зæгъгæ. Директори зæрдæмæ фæццудæй еци фæндæ, фал æй исæнхæст кæнун ба зингомау адтæй, уомæн æма скъолайæй сауæнгæ гъæди уæнгæ еудадзугдæр хæрдмæ цæун гъудæй. Берæ фæссагъæс кæнгæй исфæндæ кодтонцæ хестæр къласти ахуртæ рæстæгмæ бауорамун æма гъæдæрмæг æрласун. Къуæремæ ахурдзаутæ хæр-хæрæй æрластонцæ скъолай тургъæмæ сцени фагæ æрмæг. Арæзтадон разамунд лæвардта директор Сабайти Саулæги фурт Сослæнбег. Сценæ рацæттæ 'й æртæ бонемæ. Æ райгон кæнуни бонмæ къуæртти архайгутæ бацæттæ кодтонцæ цубур равдиститæ. Директор æ радзурди райарфæ кодта Анзорæн æма хуæздæр ка бакуста, еци ахурдзаутæн.

Тугъди рæстæги адтæй уæхæн фæткæ, æма скъоладзаути ахуртæй исуæгъдæ кæниуонцæ æма сæ будурон куститæтæбæл бафтауиуонцæ. Ами дæр Анзор хуæздæр ка куста, уони хæццæ нимад уидæ, æма си колхози хецауадæ раппæлидæ. Мадта нин сæрдигон каникултæ дæр æнхæстæй некæд адтæй. Колхози галтæ æма бæхтæ мах фæлтæри биццеути евгед бакæниуонцæ. Инайæгæнæнмæ ластан мæнæуи курестæ, кодтан æндæр аллихузон куститæ дæр. Анзор дæр косидæ дууæ сау галебæл. Хуарз сæмæ зилдæй æма сæ мах гиризæй Анзори галтæ хонун райдæдтан.

Уæдмæ тугъд цæун райдæдта Германий зæнхæбæл æма хæстæггæнгæ цудæй æ фæуунмæ. Еуемæй нин е æхцæуæн адтæй, иннемæй ба, тугъди ке тугъдонтæ фæммард æнцæ, уæхæн бийнонти бæрцæ гъæубæсти фулдæрæй-фулдæр кодта.

Хачирти хæдзарæбæл дæр еци устур бæлах нæ райеуварс кодта. Хумгæнæни мæйи 1945 анзи кæмидæр Цæгат Памераний фæммард æй Авдуллæ. Анзори зæрдæ уойбæрцæ хъæбæр фæрристæй æма скъоламæ дæр нæбал æрбацудæй æртæ къуæрей. Æз æй рабæрæг кæнинæ æма ин дзурдтон, цæмæй æ ахур кæнун ма уадза, æ мадæ Гузæ æма ин æ хуæрæ Фатъимæт дæр дзурдтонцæ уотæ, фал нæмæ не 'гъуста, дзоргæ дæр неци искæнидæ. Айдагъдæр мæ рафæрсидæ, циуавæр темитæ рацæуийанæ алли предметбæл дæр æма сæ æхе киунугутæй ахур кодта.

Скъоламæ ку 'рбацудæй, уæдта ибæл бацийнæ кодтонцæ ахурдзаутæ æма ахургæнгутæ. Минкъийгай æхемæ æрцудæй, банхæст кодта, ци уроктæ фæццох кодта, уони æма скъоладзаути комитети сæрдари ихæстæ æнхæст кæнун райдæдта. Драмон къуари сæргълæууæги ихæстæ æхемæ ниуугъта, зартæгæнгути къуари ба æндæр ахурдзауæн бафæдзахста.

Скъола каст ку фæцæй, уæд нæ фæндæгтæ рахецæн æнцæ. Анзор бацудæй Кæсæг-Балхъари педагогон институти историкон факультетмæ, æз ба Цæгат Иристони пединститути филологон факультетмæ, дууæ анзей фæсте ба рарйивтон Мæскуй Максим Горькийи номбæл литературон институтмæ. Уæддæр нæ бастдзийнадæ нæ фехалдæй, финстан кæрæдземæ нæ хабæрттæ. Анзор сурх диплом хæццæ каст фæцæй институт æма Хæзнидони астæуккаг скъолай райдæдта косун ахургæнæгæй, уæдта ахуради сæргълæууæгæй. Дууæ анзи си бакуста, уотемæй бацудæй Мæскуй В.И. Ленини номбæл педагогон институти аспирантурæмæ, æ кандидати диссертаци дæр уоми багъæуай кодта.

Уой фæсте Анзор косун райдæдта гъæуунхæдзарадон институти философий кафедри ахургæнæгæй. Уогæ, еци кафедрæн æ исаразæг дæр æма æ сæргълæууæг дæр æхуæдæг адтæй.

Науки ци устур æнтæститæ æ къохи бафтудæй, уой туххæй, историкон наукити доктор Дзидзойти Валерий æ агъазиау очерк «Вклад профессора А.К. Хачирова в отечественную науку и публицистику», зæгъгæ, уоми уотæ финста: «Не будет преувеличением утверждение о том, что его оригинальная научная концепция о культурном развитии нации и проблеме культурного наследия стала надежной базой для новых фундаментальных исследований другими молодыми исследователями».

Раст уæхæн устур аргъ Анзори наукон æскъуæлхтдзийнæдтæн искодтонцæ Мæскуй В.И. Ленини номбæл педагогон институти диссертацион совети иуонгтæ дæр, 1981 анзи си докторон диссертаци ку багъæуай кодта, уæд.

Хацирти Анзори наукон-æртасæн куститæ æма публицистикон уацтæ хъæртунцæ дууæсæдемæй дзæвгарæ фулдæри уæнгæ. Æма син зундгонд философтæ æма историктæ алли рæстæгути устур аргъ искодтонцæ.

Мæ цубур имисуйнæгти кæронбæттæни ма мæ зæгъун фæндуй уой, æма Анзори еугур наукон, публицистон æма æхсæнадон архайд дæр зæрди федар тæгтæй баст адтæй æма æ фæсмæрдæ дæр уодзæнæй нæ райгурæн Иристони хæццæ. Уомæй нин хъазар æма æносмæ имисуйнаг æнцæ, сæ хæццæ ба – æхуæдæг дæр.


Анзор æма е 'нсувæр Сæлих (Фидибæстон тугъди архайæг, абони е дæр æгас нæбал æй).


Зæлинæ, Ацæмæз, Иннæ – Анзори цæуæт.

Фондз æма цуппаринсæй анзей размæ (1939 анзи 7 апърели) арæзт æрцудæй Цæгат Иристони композиторти Цæдес. Æ фиццаг сæрдар иссæй Александр Поляниченко.

*Поэт Юнна МОРИЦ Гурдзистони уогæй, еу хуæрæндони буфети сæни агувзæ райста. Æма дин уоми ба биндзитæ ку разиннидæ. Силгоймаг еци тингунæй буфетгæсæн ку бауайдзæф кæнидæ: «Æма дæ сæни биндзитæ ку ес!..» Е дæр ин ку зæгъидæ: «Биндзитæ кæми ес, цард дæр уоми ес!..»*

## ÆРДЗÆ ÆХУÆДÆГ ÆХЕ ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆ КÆНУЙ



# УАЛДЗÆГ – БÆСТÆ РÆСУГЪДГÆНÆГ...

*Уалдзæги æрдзæ æригъал уй, уобæл адæмæй кадæртæ фæррæуæгиуонгдæр унцæ, кæбæлдæрти ба цæмæдæр гæсгæ хуссигъæлдзæг бахуæцуй. Уомæн берæ рæуагитæ ес. Зумæги адæймаги бауæр исгъæуагæ уй витаминтæй, хори гъарæй фагæ хай нæбал фæййесуй, е 'нæнездзийнадæ фæллæмæгъдæр уй, ахид сæйгитæ кæнуй.*

*Æма цæмæй, ци куд æй, уой хуæздæр базонайтæ, уой туххæй мæнæ абони ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæбæл*

*бавзарайтæ бæлвурд дзуæппитæ раттун. Уотемæй ма базондзинайтæ, еци рæстæгбæл уæ бон фæуууæлахез ун æй æви нæ, уой.*

*Дугай баллтæ æвæретæ, раст уæмæ ци фарстатæ фæккæсонцæ, уонæбæл. (фарстатæ: 1,2,4-6, 8-11, 18-20) дæр æма æнæрастбæл ке нимайетæ (етæ ба: 3-7, 12-17), уонæбæл дæр.*

**1.** Сæумæй дæ сахатти дзæнгæрæг ку æригъал кæнуй, уæд тухxæйти æригъал уис?

**2.** Зинтæй ниффунæй уис, хуссæг дæбæл нæ фæццæфсуй?

**3.** Æцæгæй 6-7 сахаттей бæрцæ фæффунæй кæнис?

**4.** Тæвдæ æма уазал дони дæхе раргайун дæмæ хуæздæр кæсуй æви ма дæ еу-фондз минутти хуссæни хъанæй балæуун фæффæндуй?

**5.** Æндегæй кæд гъар рæстæг фæууй, уæддæр сауæнгæ дæбæл гъар уæледарæс æма къахидарæс уогæй дæр, де 'уæнгтæ уазал фæккæнунцæ?

**6.** Дæ куст бадгæ куст æй?

**7.** Спортбæл æхцул дæ, спортивон залтæмæ цæуис, зарядкæ кæнис?

**8.** Дæ сæр ахид фæззелуй, фæрресуй?

**9.** Кæдзос уæлдæфи уавæрти ахид фæууис?

**10.** Сауæнгæ уæззау куститæ нæ кæнгæй дæр дæ зæрди гупп-гупп иситинг уй?

**11.** Тамаку думис?

**12.** Фæскуст бауолæфунмæ дин рæстæг фагæ кæнуй?

**13.** Естæбæл дæхе ахид батухсун кæнис?

**14.** Дæ бауæргъæди федардзийнадæ фæттухгиндæр кæнунбæл архайис?

**15.** Рæзæ æма халсартæ ахид хуæрис?

**16.** Хуæргæ афойнадæбæл кæнис?

**17.** Дæ уæзæ дæ карæмæ æма асæмæ гæсгæ 'й?

**18.** Ахид тингун кæнис? Æрæги дæр ма дин æхцæуæндзийнадæ ци хаста, уомæ нур æндæр хузи цæстæй кæсис?

**19.** Неци косгæй ахид фæллайс?

**20.** Ести незтæ дæмæ ес?

**Нур ба дæ дзуæппитæ банимайæ æма сæ рабарæ мæнæ аци хатдзæгти хæццæ.**

**8-10 балли.** Кæд фарстатæбæл раст дзуæппитæ равардтай, уæд дæ зæрдæ федарæй дарæ уобæл, æма дæ бауæр æнтæстгинæй фæуууæлахез уодзæнæй уалдзигон лæмæгъдзийнæдтæбæл, уомæн æма дæхемæ раст зелис.

**12-24 балли.** Дæумæ хауй фидтæлтиккон æмбесонд: «Е 'нæнездзийнади мæтæ ка нæ кæнуй, е æй, æ косæнгæрзтæ исциргъ кæнунмæ ке некæд фæййевдæлуй, уæхæн лæги хузæн». Зумæг æма уалдзæг кæрæдзей ци рæстæгути фæййевунцæ, еци дзамани уæлдай фулдæр æргом æздахун гъæуй хе æнæнездзийнадæ федардæр кæнунмæ. Дæ зæрдæ дин ка æзмæлун кæна, уæхæн хабæрттæй дæхе ма тухсун кæнæ, кæдзос уæлдæфæй уолæфунбæл ба фулдæр архайæ, хуссæг ди цæмæй ма ледза, уой тухxæй ба дæхе ахиддæр æртайæ донтæдзæни бунмæ сатæг донæй. Ниуазæ нæуæгуагъд соктæ. Ниуазæ муркъæ, уæгъæлий дæнттæ, цагъана ба дин де 'нæнездзийнадæ федардæр кæнунæн хуарз агъаз фæуудзæнæй, лимон, уæдта ди иронх ма уæнтæ муд æма гъæдзиндзæ, бодæн.

**26-40 балли.** Æркæсун дæ гъæуй де 'нæнездзийнадæмæ, уæдта дæ бони фæткæ раййевунмæ. Æцæг фæстæтæрæ ма кæнæ. Азгъунсти хурфи куд минкъийдæр рæстæг бадай, æндегæй кæдзос уæлдæфи ба фулдæр, уобæл архайæ, уæдта къахæй фулдæр цо.

Сæумæй фулдæр зарядкæ кæнæ, е хуарз фæрæзнæ 'й сæумон хуссæг фæссорунæн. Массаж кæнæ де 'уæнгтæ æма бауæрæн. Е хуарз агъаз æй, цæмæй тогдадзинтти тог хуæздæр зела, уомæн. Массаж кæнæ дæ къахи бунтæн дирзæг щеткæ кенæ хесæрфæнæй. Хуæргæ кæнæ афойнадæбæл, уæдта архайæ дæ хуæрди хæццæ поливитаминтæ кайунбæл. Æцæг раздæр бал гъæуй дохтирти хæццæ раунаффæ кæнун.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Тегерани конференций (1943 анзи) рæстæг Великобританий премьер-министр У.Черчилль Сталинæн цидæр балæвар кæнгæй æй исхудта разагъди балхон. Æма советон разамонæг ба ин, нæ бæсти кæцидæр адæмихатти кой искæнгæй, загъта, гъома, уæхæн адæмихатти хæццæ гъуддæгутæ аразгæй, бæгъатæр ун æнцон æй. Сталин уотæ ке тухxæй загъта?**

**а)** Америкæгти. **б)** Англисæгти. **в)** Уруссæгти.

**2. Америки Еугонд Штатти сосæг служби сæрмагонд операцитæй еу адтæй, æпхæ силгоймаги гормонтæй байдзаг кæнун, æма, кæцидæр паддзахæдти разамонгутæй сæ зæрдæмæ ка нæ цудæй, уой си фæххинцун, цæмæй си силгоймаггонд рауадайдæ. Ка гъæуама иссайдæ еци фудвæнди амæттаг?**

**а)** Фидель Кастро. **б)** Бенито Муссолини. **в)** Адольф Гитлер.

**3. Сталин адæймаги еугур менеугутæй кæцидæрти нимадта хуæрзæгадæдзийнадæбæл. Фал си æртей ба нимадта уæлдай сахъаттæгтæбæл. Уонæй дууæ – зийнадæ æма уодигъæдæй лæмæгъдзийнадæ. Æртиккаг ба?**

**а)** Æдулидзийнадæ. **б)** Фурниуæзтдзийнадæ. **в)** Æнæуагæдзийнадæ.

**4. Уæрæсей паддзахеуæггæнæг Романовти хæдзари 300 анземæ уруссаг хузæгæнæг Константин Маковский исфæлдиста агъазиау хузæгонд, кæцими бавдиста, династий бундорæвæрæг Михаил Федори фурти фæййервæзун кæнуни сæрæблтау æ цард ка иснивонд кодта, Уæрæсей еци национ бæгъатæри æскъуæлхтдзийнадæ. Ке сорæт æй еци хузæконди?**

**а)** Кузьма Минин. **б)** Иван Сусанин. **в)** Дмитрий Донской.

**5. Уæрæсей кæддæр фæззиндтæй еу мæнгæномхæссæг. Бустæги æнахургонд уогæй, æхе худта монарх, гъома, Уæрæсей паддзахеуæггæнæг. Фал еци хабар раст ке нæй, уобæл уайтæккæдæр фæссекк æнцæ. Ка адтæй еци адæймаг?**

**а)** Степан Разин. **б)** Емельян Пугачев. **в)** Иван Болотников.

**6. Номдзуд Шамиль æ рæстæги исаразта закъонтæ, бамбурд кодта еумæйаг Низами. Рауадæй си уæхæн Конституци, е 'мхузон кæмæн нæ адтæй æма устур деси ка бафтудта уæди зундгонддæр европаг лæгтæй еуей, кæци имами исхудта «сæруæлдай демократ». Ка адтæй еци европаг?**

**а)** Карл Маркс. **б)** Отто фон Бисмарк. **в)** Уинстон Черчилль.

## А ВЫ ЗНАЕТЕ, ЧТО...

Пальмовые деревья успешно противостоят натиску цунами. Когда вокруг все рушится, а другие виды деревьев вырывает с корнем, пальмы остаются практически невредимыми. Разветвленная корневая система пальм является отличным противовесом. А ствол этих деревьев очень гибкий, сломать его сложно даже цунами и ураганному ветру.

* * *

**Дерево бенгальский фикус отличается особой жизненной формой, которую называют баньян. На крупных горизонтальных ветвях взрослого дерева формируются воздушные корни, растущие вниз. Дорастая до земли, они укореняются в ней и становятся новыми стволами. Баньян может разрастаться на площадь нескольких гектаров.**

* * *

Рысь от других кошачьих отличает не только своеобразный окрас, но и красивые кисточки на ушах. Причем они служат зверю совсем не для красоты. Ученые доказали, что если эти кисточки удалить, то слух у рыси резко снизится. Рысь слышит гораздо лучше не только человека, но даже собаки. Есть сведения о том, что шаги идущего человека рысь способна услышать за несколько километров.

* * *

**Вместо отсутствующих зубов на верхней челюсти беззубого кита растет до тысячи длинных роговых пластинок, называемых китовым усом. Пластины длиною до 4 метров расположены поперек десен с интервалами 0,3-1,2 см одна за другой, ограничивая с боков ротовую полость. Они расщеплены на тонкие и длинные щетинки, образующие подобие густого сита, отцеживающего из воды планктонных моллюсков, ракообразных и мелких рыб.**

* * *

В водоемах, где много хищных рыб, крупные караси встречаются гораздо чаще. В безопасных водоемах количество карасей резко увеличивается, корма катастрофически не хватает, поэтому вес даже взрослых карасей редко превышает 150 гр. Хищники значительно сокращают популяцию карасей, оставшиеся в живых не испытывают недостатка в корме. Карасю весом 1 кг и более щука и окунь уже не так страшны, как мелким рыбкам.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактори хуæдæййевæг ГÆТИЙТИ Светланæ.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 707.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 05.04.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 05.04.2023.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.